



Pou Piblikasyon Imedya: 29/07/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE REYISIT DEFI ADIRONDACK 2018 LA

Sizyèm evènman anyèl la favorize touris nan North Country, epi konsa soutni yon endistri ki nan tout eta a te jenere yon rekò 67.6 milya dola an depans dirèk vizitè yo

Prèske 244 milyon vizitè te vwayaje vin nan Eta New York, epi konsa soutni yon enpak ekonomik plis pase 100 milya dola pou yon katyèm ane konsekitif

Seri Delit Ekspè Pwason Ba yo ap retounen nan Waddington, Konte St. Lawrence apati 23 rive 26 Dawout

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse reyisit Defi Adirondack 2018 la (2018 Adirondack Challenge), k ap pouse destinasyon touristik klas mondyal yo ak opòtinite rekreyatif yo nan North Country. Plis pase 350 ofisyèl eli ak manm kominote a, pami yo Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul—te patisipe nan Defi ane sa a pou mete an valè aktivite anplennè yo ki disponib pou vizitè ki vini nan rejyon an. Pandan li te nan Defi a, Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te revele endistri touris la nan Eta New York te jenere nouvo rekò vizit total, enpak ekonomik ak depans dirèk an 2017. Gouvènè Adjwen an te anonse tou Tounwa Seri Delit Ekspè Pwason Ba a (Bassmaster Elite Series Tournament) pral retounen nan Waddington, Konte St. Lawrence ete sa a ant 23 ak 26 Dawout.

“Adirondack yo se youn nan jwazo kouwòn yo nan New York, depi nan peyizaj mayifik yo rive nan aktivite rekreyatif enteresan yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Defi Adirondack la ane sa a mete toubon an valè bote natirèl rejyon an, epi mete aksan sou investisman ak pwomosyon New York ap fè yo pou North Country sa ki non sèlman amelyore atou sa yo men epitou atire vizitè sòti toupatou nan nasyon an. Mwen ankouraje tout moun pou yo ajoute Adirondack yo nan lis vakans yo epi pou yon fè eksperyans tout sa yo gen pou ofri.”

“Adirondack yo se pa sèlman yon pak, se lakay plis pase 430,000 Nouyòkè ki rete nan bèl North Country a”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “New York ap investi nan nouvo devlopman ak gwo amelyorasyon nan Adirondack yo pou amelyore eksperyans moun yo epi kontinye bay ekonomi lokal la ak endistri touris solid la bourad. N ap mete Adirondack yo sou kat touris entènasyonal la avèk plis aktivite, atraksyon, ak

lojman pou vizitè yo. Nou fyè bijou New York la epi nou ankouraje tout moun vin vizite Adirondack yo ak tout sa yo gen pou ofri.”

Defi Adirondack 2018 la te akeyi plis pase 350 envite, pami yo fonksyonè eta ak lokal ak lidè nan endistri touris la nan Konte Hamilton ak Warren yo pou yon jounen aktivite anplennè k ap mete rejyon an valè. Pami aktivite ki te genyen jodi a: desant rivyè sou rado sou Indian River a; pwonmnad sou chwal ak pwonmnad apye avèk gid sou senk kilomèt nan rejyon Boreas Pond nou fèk achte a; motosiklèt sou 209 kilomèt nan kominote koulè lokal Adirondack yo; bekàn touteren nan teren Indian River la nan Essex Chain Lakes; nèf twou gòlf nan Klèb Gòlf Cedar River a nan Indian Lake; epi kayak, kannòtaj ak planch a bra. Jounen an te gen ladan yon resepsyon bwason ak manje Taste NY nan montay Gore Mountain.

FOTO patisipan nan Defi yo nan divès aktivite yo disponib [isit la](#).

Touris 2017

Endistri touris la nan Eta New York te jenere nouvo rekò vizit total, enpak ekonomik ak depans dirèk an 2017. Gras a investisman san presedan gouvènè a nan touris toupatou nan eta a, Eta New York te akeri yon rekò 243.8 milyon vizitè ki te jenere yon enpak ekonomik 108.7 milya dola - epi konsa depase 100 milya dola pou yon katriyèm ane konsekitif. Anplis de sa, depans dirèk vizitè yo te rive a yon wotè 67.6 milya dola li potko janm atenn. Chak nan chif sa yo reprezante yon ogmantasyon plis pase kat pousan pa rapò a 2016.

- **Vizit: 243.8 milyon**
Eta New York te akeyi 243.8 milyon vizitè an 2017, prèske 5 milyon anplis pa rapò a ane anvan an. Sa reprezante yon ogmantasyon prèske 18 pousan depi Gouvènè a te antre an fonksyon an 2011.
- **Enpak Ekonomik: 108.7 milya dola**
Enpak ekonomik total la pou touris nan tout eta a te rive yon rekò 108.7 milya dola, ki depase 100 milya dola pou yon katriyèm ane konsekitif - yon ogmantasyon prèske 22 milya dola an konparezon ak 2011.
- **Depans Dirèk: 67.6 milya dola**
Vizitè yo nan Eta New York an 2017 te jenere 67.6 milya dola nan depans dirèk, prèske 3 milya dola anplis pase an 2016, epi prèske 14 milya dola anplis pase an 2011.
- **Taks Eta ak Taks Lokal yo: 8.5 milya dola**
Touris nan Eta New York te jenere 8.5 milya dola nan taks eta ak taks lokal yo an 2017, yon ogmantasyon plis pase 3.6 pousan pa rapò a 2016, sa ki fè chak kay fanmi ekonomize 1,172 dola an mwayèn sou taks yo.
- **Anplwa: 938,800 djòb**
Kounye a touris se twazyèm pi gran anplawyè sektè prive a nan eta a, ki te soutni 938,800 djòb lane pase, dapre Depatman Travay Eta New York la (New York State Department of Labor).

Anplis de sa, kantite pasaje yo konte nan tout ayewopò Eta New York yo te ogmante pa 2.3 pousan an 2017, avèk yon ogmantasyon prèske kat pousan nan demann pou chanm otèl yo.

Lane pase, plis pase 12.4 milyon moun te vizite rejyon Adirondack la – plis pase 460,000 vizitè anplis pa rapò a 2016 – sa ki te jenere plis pase 1.4 milya dola an depans dirèk vizitè yo. Sa reprezante yon ogmantasyon 5.5 pousan nan depans yo pa rapò a ane anvan an, ak yon ogmantasyon 24 pousan depi 2011. Anplis de sa, touris rejyonal la te jenere 178 milyon dola nan taks leta ak taks lokal.

Prezidan, Direktè Jeneral Empire State Development (ESD) ak Komisè Howard Zemsky te deklare, “Endistri touris eta a kontinye ap rive nan nivo san presedan, ap soutni kreyasyon djòb, kwasans ti biznis yo ak ekonomi rejyonal yo nan tout eta a. Gras a evènman tankou Defi Adirondack la, n ap kontinye ankouraje vizitè yo planifye vwayaje epi fè eksperyans tout sa ki gen pou wè ak fè nan Eta New York”.

Seri Delit Ekspè Pwason Ba yo ap Retounen

Gouvènè Adjwen Hochul te anonse tou Tounwa Seri Delit Ekspè Pwason Ba a pral retounen nan Waddington, Konte St. Lawrence ete sa a ant 23 ak 26 Dawout. Evènman lapèch pwason ba a akeyi plis pase 32,000 vizitè nan North Country chak ane epi atire telespektatè entènasyonal. Lane pase, plis pase 100 pechè pwason alaliy te fè konpetisyon pou yon prim 100,000 dola. Anplis yon tèt ansanm avèk Bassmaster pou ankouraje lapèch toupatou nan Eta New York, Vilaj Waddington te resevwa 50,000 dola lajan kòmanditè nan kad I LOVE NY pou òganize evènman mizikal pandan tounwa a.

Janet Otto-Cassada, Majistra, Vilaj Waddington, te deklare, “Vilaj Waddington remèsye Gouvènè Cuomo ak I LOVE NY pou soutyen yo pa janm sispann bay Tounwa Ekspè Pwason Ba a. 50,000 dola nou te resevwa anplis ane sa a te pèmèt vilaj la òganize yon seri konsè ki te ajoute nan amizman ak eksitasyon evènman an. Tounwa Ekspè Pwason Ba a mennen plizyè milye vizitè nan zòn nan epi pèmèt nou mete aksan sou resous natirèl ekstrawòdinè yo Waddington ak North Country gen pou ofri”.

Investisman Otorite Devlopman Rejyonal Olenmpik yo (Olympic Regional Development Authority, ORDA)

Gras a yon investisman 7 milyon dola pou modènize epi amelyore pwodiksyon nèj la nan Gore Mountain, kapasite pwodiksyon nèj nan zòn ski a pral ogmante pa 40 pousan pandan l ap kenbe tit li kòm youn nan estasyon ski ki pi responsab pa rapò a anviwònman an nan nasyon an. Gore ap kontinye fyè posede pi gran enstalasyon panno solè pou mòn ski nan nasyon an. Prèske 85 pousan bezwen elektrik li yo satisfè gras a enèji pwòp, renouvlab.

Whiteface ap wè lajan investisman yo, tou. Whiteface kontinye ap bat rekò nan endistri touris la, dèske li te kapab rete ouvè epi akeyi eskiyè jiska dat 5 Me, epi konsa bat rekò pou kantite jou li fonksyone yo. Gen yon plan 8 milyon dola ki pral kontinye pou amelyore kapasite pwodiksyon nèj yo pa 25 pousan epi pote reparasyon ak ranplasman ki nesèsè anpil yo nan Whiteface Veterans Memorial Highway ak sistèm asansè Castle a. Nouvo asansè a pral mennen envite yo pase pa mòn nan rive dirèkteman sou tèt li. L ap fin enstale nèt disi Me 2019 epi ORDA prevwa vizitè dete k ap bat rekò.

Sit Olenpik yo ak Mount Van Hoevenberg sou chimen akeyi lemond avèk plis pase 50 evènman ak konpetisyon klas mondyal nan 18 mwa k ap vini yo. Plan enfrasrikri yo an pral garanti yo kontinye mennen vizitè nan Lake Placid sòti toupatou nan lemond. Evènman tankou Chanpyona Patinaj Atistik Atlantik Nò 2018 yo (2018 North Atlantic Figure Skating Championships), Koup Mondyal Treno ak Bòbslèd 2018 yo (2018 Luge and Bobsled World Cups), Je Divè Entènasyon pou Timoun 2019 yo (2019 International Children's Winter Games), Chanpyona Bòbslèd pou Andikape 2019 yo (2019 Para-Bobsled World Championships) ak Chanpyona Hòki sou Glas pou Gason ECAC 2019 la (2019 ECAC Men's Ice Hockey Championship) kenbe Lake Placid nan pwojektè mondyal la pou konpetisyon divè delit.

Je Divè Mondyal Inivèsité 2023 yo (2023 World University Winter Games) an dezyèm pozisyon nan etandi ak gwosè pa rapò a Je Olenpik Divè yo sèlman epi yo chwazi Lake Placid ak Adirondack yo kòm sit yo pou 2023. Amelyorasyon enstalasyon trè nesèsè yo nan sit yo pral garanti jwèt reyisi pou plizyè milye atlèt, fanatik ak delegasyon entènasyon. Je Inivèsité Mondyal yo pi gran pase toude Je Olenpik 1980 ak 1932 yo konbine epi enstalasyon ORDA yo ap pare pou akeyi yo.

Mike Pratt, ki se Direktè Egzekitif Jeneral ak Prezidan Otorite Devlopman Rejyonal Olenpik, te deklare, “ORDA kontinye jwe wòl enpòtan motè ekonomik nan Adirondack yo pandan n ap wè plis vizit, sezon fonksyonman pi long nou janm genyen, pi bon rezilta nan kesyonè envite yo ak aklamasyon entènasyon. A mezi n ap vanse pou pi devan, nou anchante ofri plis eksperyans toujou pandan tout ane a ki pral atire ni konpetisyon klas mondyal ni opòtinite rekreyatif pou tout moun k ap vizite yo”.

Teren Kanping Frontier Town nan

Konstriksyon pou Teren Kanping, Ekitasyon ak Jounen Frontier Town nan byen lwen ap vanse depi kòmansman konstriksyon yo nan mwa Davril. Teren Ekitasyon ak Jounen an pral fini otòn sa a, epi Teren Kanping nòmal la ap suiv pandan prentan 2019. Nouvo etablisman tèren kan piblik lan, ki sitiye nan espas ansyen pak atraksyon Frontier Town lan ki nan komin North Hudson, se yon pwojè ki pote siyati santral touristik “Gateway to the Adirondacks” (Pòt Prensipal nan Adirondacks) Gouvènè an, epi li fè pati inisyativ Adventure New York Eta a pou entansifye aksè a tèren eta yo, epi konekte moun New York yo ak lanati ak espas ekstèn yo. Yo te angaje yon anviwon 25 milyon dola resous piblik/prive nan pwojè a jiska dat.

Modènizasyon Paradox Brewery la

Pwojè agrandisman 5.2 milyon dola Paradox Brewery la ankou tou nan ansyen lokal Frontier Town lan nan North Hudson, Konte Essex. Depi lansman konstriksyon an nan mwa Davril, gen gwo travay chantye ak enfrasrikri ki kòmanse. Paradox prevwa y ap livre ekipman yo disi Oktòb, avèk lentansyon kòmanse fabrike byè nan nouvo lokal la disi Desanm. Pwojè a rete alè pou fini nèt disi ete pwochen. ESD dakò soutni pwojè a avèk yon sibvansyon 200,000 dola Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country an (North Country Regional Economic Development Council), ak 300,000 dola nan kredi enpo Pwogram Travay Excelsior la (Excelsior Jobs Program) pou kreyasyon 22 djòb.

Sant Akèy yo

Sant Akèy toude Adirondack ak North Country yo an konstriksyon avèk ouvèti yo ki

prevwa pou otòn 2018. Sant Akèy dènye kri sa yo ap avanse angajman Gouvènè an pran pou devlope ekonomi lokal ak rejyonal yo gras a demonstrasyon atraksyon lokal, sit istorik, ak manje ak bwason atizanal ki fèt New York. Desen achitekti Sant Akèy Adirondack la disponib [isit la](#), epi desen achitekti Sant Akèy North Country a disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)